2/2017
март - апрель

# Соколёнок
# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Рахьдал мацIалъул байрам



Буйнакск шагьаралъул МахIач Дахадаевасул цIаралда бугеб №6 школалда авар мацIалъулги адабияталъулги дарсал кьола Гъазиева ПатIимат Ибрагьимовналъ. Дарсазде лъималазул букIунеб хIаракатчилъиги гъираги бихьани, гьезде шагьаралда гIурал лъималилан лъицаниги абиларо, гьелъул дарсида гIахьаллъизе рес щварав чияс. Унго-унголъунги лъималазда нилъер миллат, халкъ, гьелъул



тарих, гIадат-гIамал, цIар арал бахIарзал, гьезул къисмат, къиса, кечI-бакъан – кинабниги бичIчIизабизе унго-унгояв мугIалималъ ракIкьун гьабулебщинаб хIалтIи! ПатIимат Гъазиевалъ куцарал цIалдохъабаз республикаялъул чанги къецазда кечI рекIехъе цIалиялъеги цоги-цоги церерахъиназеги бищунго тIадегIанал бакIал росула.

Гьабнухалдаги Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялъул байрам гьениб тIобитIулаго, ПатIимат Ибрагьимовналъул рагьарал дарсазеги, гьелъул иргадулаб тадбиралде гьабураб лъикIаб хIадурлъиялъеги, мухIканлъиялъеги, камиллъиялъеги киналго шагьаралъул Лъайкьеялъул идараялъул вакилзабазги, цогидал школазул мугIалимазги, къокъго абуни, иргадулаб нухалъги тIаде рачIаралщиназ тIадегIанаб къимат кьуна.



# Бищунго аслияб бечелъи

Цо гIолохъанчи, жиндирго ресукълъийилан гIемер гIарзахъдулаанила.

- КигIан лъикIха букIинаан, дир гIемераб бечелъи букIарабани! КигIан рахIатаб ва рохалил цIураб гIумрудай дир букIинаан! – ин абулаанила гьес.

Гьесул минаялда аскIосан унев вукIанила цо херав - гамачI бахъулев чи. Гьес гIолиласда гьикъанила:

- Щай мун гIарзахъдулев? Дурго бечелъиялъул къиматцин лъалеб гьечIогури дуда! – абун.

- Дир бечелъийила? Кибха гьеб бугеб? – ан гIажаиблъанила гIолилав.

- Дур берал. Цояб бер кигIан гIарац-месед кьуни, кьезе букIараб дуца?

- Щиб дуца бицунеб жо? – абун, бахъун бер арабгIанги хIинкъун лъугьанила гьев. – КинабгIаги бечелъи-хазинадухъ кьеларо дица дирго бер.

- ЛъикI буго, - ян абунила херас. Гьедин батани, дурго кверал къотIизе риччайха дуца. Гьезухъ дуе цIакъго гIемераб месед щвела...

- Биччаларо! Меседихъ кьолел квералищ дир ругел?! – ан ахIданила гьев гьанжесалъги.

- Гьанже бичIчIанищ дуда, дурго бечелъиялъе гIорхъи гьечIеблъи? Щайха мун зурзудулев, бечелъи-хазинайилан. Мун божа, бищунго кIудияб бечелъи инсанасе ккола гьесул бугеб сахлъиги къуватги. КинабгIаги гIарцухъ бичун босизе щолеб жоги гуро гьеб. Гьелъул дуца къимат гьабе! – янги абун, гьежтIа газаги бан, жиндирго нухалъ анила херав.

«ВахI, гьал дирго кверазул бажари-махщалидалъун, дирго къуватги хIалтIизабун бечелъизе рес рагIулагуриха дирги!» абун гIакълуялда ватанила гIолилав.



# ГIункIкIги кетуги

ГIонкIкIода хадуб лъугьун букIанила кету. Свакараб катида кквезе кIвечIила гIункIкI. Гьелъ хIукму гьабунила гIункIкI гуккизе.

- Мивур-мавур, гIункIкI, ва гIункIкI, унго дур хехлъи, тирилъи! КартIиниса къватIибеги бачIун гьаб бокIоналдаса добцояб бокIоналде щвезегIан бекерани, дица дуе ролъул могьол цо къали кьезе буго. Мур-р-р-р! Рази бугищ?

- Рази гьечIо дун! – илан абунила гIонкIкIоца. Дуца дида малълъулеб бугеб хIалтIи цIакъго дагьаб буго, гьелъухъ мухьин абуни цIакъго гIемераб кьелилан буго мун. Гьелъулъ цо хIилла букIине ккола... Гьединлъидал, дун дирго картIинибги бахчун, хIинкъи тIагIинегIан гIенеккун чIела! – ян ахIанила гIонкIкIоца.




Пашмат Малачиева
ГIаданлъиялъул
чирахъ



# Гвангва, дур гогьлъиго щиб

Гвангва, гъотIол гьодриниб
Гъамас сунцадай цIураб?
Барщилалде хуриса
Бакъдебусс чехъон тараб?
Чаргъадилгун къец гьабун,
Гьоло щайха чIучIараб?
Нижер ахикь бижараб
Жумалгийищ бетIераб?
ТIолабго гъветIги хxарцIун
ЩIулакьойищ бахчараб?
Гвангва, цо дур гогьлъиха,
Цо течIого гIеч араб.
Цинги дур къарумлъиха,
Бикъарун ругьунлъараб.





# Т/адерахъи

Бакъдебусс къулун буго,
Бакъухъе ц1абуц1ц1араб,
Бакъдебусс беч1ан буго,
Бакълъун гвангъун бук1араб.
Бакъдебуссалъул хурив
Халил  вихьун вук1ана,
Гьес щай балъго гьабураб
Гьелда баккараб «г1узру»?
Хадица гьеб балъголъи
Бицинищан гьикъана,
- Т1олго бакъдебуссазда
Т1адерахъи бахъана,
Унтич1ого рук1ине
Дарабиги риччана.
Тохтур-дациги вач1ун,
Сон дарсида, ниж г1адин,
Дару бахун къач1ана,
Уколал гьарун тана...
К1одоца ах1и бана:
- Огь, дир г1адалал т1анч1и,
Т1ок1алъ паст1анир къаге,
Семечкаги ч1уч1унге!





## Гвангва

ТIадагъаб палугъан –
ГъитIинаб гвангва,
ГенугъветI ххарулеб,
Хурма хIарулеб.

Гьодори цIезегIан
ЩIулакього бан,
ЩIорой баккилалде
Квен хIадурулеб.

Каралълъе бахуна,
Нахъе хъуштIула,
Бер хадуб гъелалде
Гъоркье рештIуна.

Берцинал квачIазул,
Керчаб рачIалъул
Рас меседил гвангва
Буго дир ахикь.

## ГIазу байдал

ГIарабазул лъималаз
ГIазуречIчIи хIаладай,
МагIарул хаселалъул
Хиялго гьабуладай?
Гьадинал хъештIераби
Индиязе щванадай?
Чуял гIадал чангъазда
Дол жеги рекIанадай?
Африкалъул лъималаз
Керчал тIагърал лъоладай?
ТIингъаца хинлъулареб
Хасел гьезда лъаладай?
Севералъул цIер чапун,
Чамасдак бижулебищ,
Чукоткаялъул лъимал
ПилазтIа рекIунелищ?

21

## Берал берцин

МаркIачIуда тIокъода
ЛагI балеб буго бече,
Бачил - кунчIун, тIвапелел
ТIелхал чIахIиял берал.

Сакич дагьай хIинкъана,
КъачIо чIимгIа, тIурана,
ГьветIан балагьун бугин
Гьенисанин абуна.

КIудабаба, кIудада
Элда релъизе бачIун,
Гьвейищ гьеб, щайтIанищан
Гьай ялъаргъунел руго.

Гьениб щибго гьечIилан
БичIчIизабуна гьалда,
Нилъерго «Бералберцин»
Бече бугин абуна.

ГIисинал кумекчагIи

Доб къотIной йиго, лъимал,
Лъимал гьечIей цо гIадан,
Гьелъие кумекалъе
Киналго ине ккела.

Цояз долъий лъим бачче,
Цогияца цІул къотІе,
ЦІоросаролълъ бекьизе
Ракь бухъизе гвай гьабе.

Росдалго лъималги ун,
Ирга гьабун, гІачи гъе.
Берцин бихьун, босизе
Цогияze мисал те.



3

# ГІонкІотІанчІи ратана

Ххер лъугІараб гьороса
РичІчІи нахъе лъухьидал,
«Рукъзал» риххарал гІункІкІал
Рахъ-рахъалде лъутана.

Батана гІонкІкІобусен
Квасул ургу тІамураб,
БусатІа – гІонкІкІотІанчІи
Жеги берал ричІичІел.

ТІанчІазул дангъурги цІун,
Сакинат къотІной ана.
Гьеб рохел лъималазда
Лъазабизе ахІдана:

- ХинкІалхъусал ратана,
СасукІалал ратана.
ГІебурачІчІал ратана,
ГІонкІкІолъимал ратана.





20

Дуего бокьулареб
Дур миллат лъий бокьилеб, -
Дуцаго цIуничIони
Дур мацI лъица цIунилеб?!

Дир рахьдал мацI – авар мацI, -
МугIрузда бижараб мацI!
МагIарул миллат, гIамал –
МугIрулгIан дий борхатаб!

## ГIаданлъиялъул чирахъ

КIудияв тIаде щведал,
ТIинав, дуца бакI кьолищ?
Гьес кьураб гIакълуялъухъ
ГIенеккизе бокьулищ?
КIвахIалъул цIар босизе
ЦIалдечIого хутIулищ?
ЦIакъав учителасул
Адаб тун, мун хьвадулищ?

Гьукъарал пишабазул
Рахъкквезе ракI тIамулищ?
ТIекъаб гьалмагълъиялъул
Гьудуллъи ккун вукIунищ?
Какарал гIадатазул
ГIамал дуца гьабулищ?
ГIадалал пикрабаца
Кверде восизе чIолищ?

Дадал ресбоголъиялъ
Гогьдаризе лъугьунищ?
Гьесул чантида ракIчIун,
ЧIухIдаризе бачIунищ?
Лъимерлъи берцинлъулеб
ЛъикIаб нух дуда лъалищ?
Даим дуе кунчIулеб
Чирахъ дуца баканищ?

19

## Хъахlаб бурутl

РахьхъахIаб бурутI буго
ТIурахъдизе гIедераб,
Беричаб ГIазуч буго
БацIитIинчIгIан цIодораб.

Гьелъ къечалъ бухIаниги
Лъарал лъим гьекъолаpо,
Ракъул хIалбергьаниги
ХIамизаз кваналаро.

Бугеб чIухIараб бурутI-
ТIогьолцин махI сунтIулеб,
Нижер кIарчIамаб бурутI,-
КIилкIалги ран, къачIараб.

КинитIа нанил моцIу
ЦIацIалеб батула алъ,
ЦIел рахьдал цIураб шиша
Щварабго хахула алъ.

## КIарчамав ХIажи

ХIамитIа рекIун, ХIажи
Жамилатихъе ана,
Гьурмада лахIги бахун,
Хулжалги гъежтIа раччун.

Гьалъ гьесда рагьтIе яккун,
Каву тезе гьабуна,
КигIанго хIинкъаниги,
АхIтIон, семун витIана.

4

# Дир рахьдал мацI

РачIа, авар мацIалда
ЩIализе лъазабизин,
Нилъерго миллаталъул
Тарихалде раккизин.

Цинги гIагараб мацIалъ
Цоцазда гаргадизин,
Халкъалъул къисматалъул
Къадруялда бицинин.

Эбелалъул мацIалда
МагIнаялда кIалъазин,
ГIакъилал кицабигин
Биценазул рехсезин.

Нилъерго мацIалъ гIадин,
ГIищкъудул бицунадай,
НилъецагIан хIасратто
Саринал ахIуладай.

КIодол харбал рагIигун
ГIажаиблъи гьабулин,
КIудудал къиса лъайгун
Лъай босзе гъира балин.

Балъголъабазул гъамас
Рагьулеб кIул цIехезин,
КIочараб, буцIцIун чIараб
ЧIаголъизе гьабизин.

КIалъазе лъалеб мацIалъ
ГьоцIо тIолин рагIичIищ?
Гъуинаб рахьдал мацIалъ
ЩIалдезе гъира гьечIищ? 18

Гьелъул рогьобаялъул
Гьасда ургъелцин чIвачIо,
Хьамигун гIайибгьаби
ГIадахъгицин гьабичIо:

Бисмила бахъичIого
Бер кьурарай гурищан,
ЩайтIаби рухьинчIого
Бох кIичIарай гьечIищан.



Росдай пайда гьабулел
Ибрагьим-дацил кверал,
Гьал тIохазда махх ккурал
МухIканал гьесул кверал!

Камилаб гьунаралда
РухIдаллъулин гIадамал,
Мун, гьечIого гIоларев,
ГIумру кьун таяв, устар!



# Конфетал щай росичIел?

Гьалбал рачIунел рагIун,
ГIалица нуцIа ккуна,
КIалдиб кквезе кьечIони,
РичIиларин абуна.

- ГьитIич, риччай жанире
Ниж, барщун ритIичIого,
Дур ракIгъезе нижеца
Гъазиги вачун вугин.

Гьас расги бокьичIого
НуцIа дагьаб къирана,
Конфетал росичIого
Щай рачIаралин чIана.

# ХIапуч гIадаб жо буго

ГьитIинай Марьямие
МикIис-кIаз бачIун буго,
Квасул нухи гIадинаб,
Хасалил ургъел тараб.

Марьям гIодулей йиго
ГIадатIа хъваге гьебин,
Гьвеца гIадин, хIанчIилин,
ХIапуч гIадаб жо бугин.

6

## ГъитIинав гамихъан

Лъелълъ букъулеб гамагун
Гаргадула Абакар,
Анищаб махщел щвезе
Щуйилазда цIалилин:
ЦIцIер гъурун, ралъад хъвалхьун
Хьвадилин, дада гIадин,
Гьесул нухдасанги ун,
Океаналги къотIун.

## РОХОЛ ГЪВЕТIГIАГИ СУНДУЛ?

Рохьил бигьароялда
БерчIвайдай, хIикмалъарай
ХIалимат хIухьелги ккун,
Эбелалде йиссана:

Гьадаб рохти борхатаб
ГъветI сундулин гьикъизе,
- Доб зодобе бахараб
Рохол гъветI сундул? – илан.

Алда кисаха лъалеб
Рохти борхатаб бихьун,
Рохоегун, чIалуе,
Хъорщой гьеб хъухъалеблъи.

7

## ХIанчIи квачалел руго

Квачарал хIанчIи руго
ХIулабиги хичун чIун,
Ракъун хIайванал руго
Рохьор квен балагьулел.
ГIицIго квачIалгьетI буго
Гьанже рукIниб гьапуллъун.
Цогидаб рухIчIаголъи
ЛъалкIачунеб – гIаздатIа.

## Ибрагьим-дацил кверал

Ибрагьим-даци жакъа
Къед гьабулев вихьула,
Гьесул кверда камураб
Махщел гьечIин бицуна.

Церекъад, ГьацIулалъул
ЦIул хъухъалев вугоан, -
Хъарщиги мокърукь кьабун,
Рукъ лъугIулеб бугоан.

Цойги мадугьалалъе
Лъарахъа лълъим бачана,
Чвахххукь гIеретI цIезе щун
ШугIайнат йохун щвана.

16

# БахIарайгIан къачIараб

НакIкIигъветI, къачIади щиб,
ГIаздал гурдеги ретIун,
РицIцIигъветI, дур чIухIи щиб,
ЦIорол кIилкIалги далун!
БахIаралгIан берцинлъун
Цо течIого рохьигъветI,
ЦIункIулукIазул маххал
ЦIваби кинигин кунчIун!

# Хасел щвелалде

Хасалил ругъел буго
Гъуралгун, цIергун щвелин,
Гьелъ хIинкъи кьолеб буго
Кьвари лъазабилилан.
ХIатIалгIицI – гIанкIил тIанчIий
Чакмаби къваригIина,
ТолохIоч – гвангваялъе
КъвалалгъечI хIажалъила.
КвачIалгIисин – гIондокьий
КвертIаххелал ритIила,
ТIимугъберцин – гIужрукъий
ТIагъур букъизе ккела.

15

# КатитIанчIи рикьила

К1албиччанкъо щвеялъухъ
Шамай халккун ч1ун йиго,
Адаязда баркизе
Дацихъе екеризе.

К1ияйго к1удабаба
Байрамалъ х1адур руго
Ай г1адал яс-васазе
Сайигъатал рикьизе.

- Дуца щиб кьелеб, Шамай,
Мун г1адал гьит1ичазе?
- Дицани киназего
Катит1инч1и рикьила.



8

# ГІашида

Дуцаго карщ кунеб къо
Кида щвелеб, ГІашида?
ГІалил кини кІикІизе
Кида кІвелеб, ГІашида?

Бабал кверлъен чуризе
Кида щвелей, ГІашида?
Дадае квен гъабизе
Кида лъалеб, ГІашида?

Хехго гІела ГІашида
ГІурччинаб хур чІаразе.
КватІиларо ГІашида
ГІечугъутІби ретІизе.

Гьалъ чанги гьитІичазда
Дарсал ричІчІизарила.
ГьитІинаб гІеретІги цІун
ГІащабабахъе щвела.

# ГьитІинай богогьан

Вай, гьитІинай Умагьан,
Гьанжеялде – богогьан, -
Богорукъалъул ургъел
БабатІаса борхулей.

9

# ТоргІо хІалаго

Дихъе – духъе, духъа – дихъе,
Дунги мунги торгІо хІалел.
Малад кьабун, заруд бацІун,
Бугеб рухІалъ хІалбихьулел.

Духъа борчІун боржун араб
Анис-адал ботІролъ щвараб,
Дихъа тохлъун бортун араб
Билал-дацил гордалъ щвараб.

Анис-адал васги вачІун,
ЧІухІарав дур гІин кьурараб.
Билал-дацил ясги семун,
Сон инсухъа гІакІа араб.

РачІа, тІокІалъ тІасанрорчІун
ТІекъал хІаял гьариларин.
«Духъа-дихъе» кьабгІулелъул,
Кьал кколеб хІал биччаларин.



14

# ГӀакълу цваяв-Мармалав

Цого класс мерхьунев
Вихьугеяв, Мармалав,
Вихьанщинал хьандезе
ТӀамугеяв, Мармалав.

Расанди хӀалае ккун,
ХӀенсогеяв, Мармалав.
Сурарал гӀамалазул
ГӀин кьураяв, Мармалав.

Квешлъиялде рачунеб
Нух къосаяв, Мармалав.
ГьерсикъвачӀида бараб
Рукъи тӀеяв, Мармалав.

ГӀадлу лъаяв, Мармалав,
Лъай борхаяв, Мармалав.
ЛъикӀав васлъунги вахъун,
ЧӀахъун таяв, Мармалав.

13

ПонцӀокал гӀадал квераз
ЦӀурахинкӀал руцӀцӀуней,
ЦӀа рекӀун бахъиналде
Хъухъанчадал режулей.

Баба-дада кванайгун,
ЯсикӀодуй квен кьолей,
Керчал ицикабазе
Карщ белъуней ятулейц.

Вай, гьитӀинай Умагьан,
Гьанжеялде – богогьан.

## Гьури

Огь, мун гьури, мун гьури,
Дур кӀвахӀ гьечӀеб хӀалтӀи щиб,
Вай, мун гьури, мун гьури,
Дур свак лъачӀеб сверди щиб.
ЧӀахӀиял чалтахъалги
Хъатинир лъун раччулеб,
Кар халатал гъутӀбиги,
Гъалал ккун, рехъерхъулеб.
ТӀаладухъан ссурги пун
Печалги свинарулеб,
ТӀохтӀе рорхарал рогӀрал
РагьтӀеги ран, хъилдулеб.
Нижеца гӀари къараб
РогӀол гулал хъамулеб,
Бакъвазе бараб ретӀел
КъватӀ-къватӀахъе реххулеб.
Гьереси бицунесде
«Гьури-Муса» абула,
Гьорол гӀамал бугесда
ГӀаданги божуларо.

10

# Бабал байрам

Кето гIадаб хIеренаб,
ХIули гIадаб тIадагьаб,
РахьхъахIаб цIцIен босила,
Рас-расккун квас самила.

Мергуялде кIиркъила,
ГIомоялде бичила,
Чар-чарал релъабаца
Релъун, кунал къачIала.

ГIучIазтIа кIичIал речун,
РакIрегьун хьухьарила,
Бабал байрам щвелалде
Гурде лъугIизабила.

Куназ тIугьдул угьараб
Квасул гурдеги ретIун,
«Дирго ясалъ гьабунин»
Баба чIухIун йикIина.

11



12

Карим Тагьиров

# ЦIумал кквезе бокьун



БагIарараб роол гIуж букIана. Бакъанида тохтурас дару гьабун тараб гIака радалалде хун батана. ТIаса тIомги бахъун, бехъерхъун лъарал рагIалде щвезабуна гIухьбуз гьеб. Бакъ-цIа боркьилалде тIад сверизе лъугьана цIумал. Гьеб къоялъ нижехъе вачIун вукIана вац Будунги.

ЦIумал рихьарабго, жакъа нилъеца лъол кквезе ругилан зодихъ свердолел гьезде квер битIана гьес.

Дида ургьибего унеб букIинчIо вацас бицунеб жо. Кин кIолеб зодихъ ругел цIумал кквезе. ТIатIавуссун цIехолдизе дун лъугьараб мехалъ – сабру гьабе, кинабго дудаго бихьизе буго, - ян абуна гьес.

БоцIуе кьезе бачIун букIаралдаса босун нижеца кIиго сахI гIанасеб цIам бана балканалде тIаде. Цо-цаца ахIарал гIадин рачIун, зодихъ гIемерлъана цIумал, дагь-дагькккун гIодоре риччалел рукIана гьел ва цо-цоккун балканалда гIагарлъухъ рештIана.

Гьанада аскIореги къачIого, таманаб заманалъ халаткккун гарбалгун, сверухъ балагьун чIун рукIана. ХIинкъи бугодай жидее абун халшал гьабулеб батила гьезилан ракIалде ккана дида.

Ниж кIиялго фермаялда цебе бугеб кIудияб хъитIида нахъа рахчун рукIана. ХIинкъи гьечIолъиялда ракIчIараб мехалъ, гьел цо-цоккун

гьанада тIаделъана, хадур кинал-го рачIун тIубараб хIайван, бихьулеб бакI хутIичIого цIумаз бацана. Жидерго гуч бихьизабулеб гIадин, гозоялъ тIезабизе кIвараб жо къулчIулеб букIана гьез. Дагьабго заманалдасан гIакдал хьалбалухъагIучIалги, ратIабохалъул рукьбиги хутIана.

- Гьанже рилълъаха дол кквезе, - ян абуна дица вацасда. – Дагьалъ сабру гьабе, цудунго буго, гъоз жеги лъимги гьекъезе ккола, - ян абуна гьес.

ХIакъикъаталдаги, цIумал лъеде гIагарлъана. Цо-цояз тIатIаруссунги гьекъана лъим.

- Гьанже ине бегьула, - ян абуна вацас, цереккунго хIадур гьабун рукIарал тIилалги росун, ниж цIумазде гIагарлъана. Цо-цоял щибго жо ккечIеб гIадин, ниж рихьарабго роржун зодире рахана. Цо-цоял кIудиял, къуватал куркьбалги ракьалда кьабгIолаго, рорживеги кIвечIого хутIана. Ниж гIагарлъизе лъугьараб мехалъ гьел гьакIкIан кIалалгун, гIебеде ритIун чIахIиял куркьбалгун нижеде данде руссана ва хIинкъи кьолеб куцалда, тIад речIчIизе къачIарал гIадин чIана.

Ниж гьезда тIилал кьабизе къачIан рукIана, амма жеги цонигиялде хьвагIун букIинчIо. Гьеб лахIзаталда тIаде щварав цо херав чияс – жалго те, бегьуларо, - ян кьварун абуна.

Ниж дагьалъ нахъе къана ва херас гъажалзул бутIрузда квералги лъун дагьалги нахъегIан рачана ниж.

- ЦIум чIвазе бегьуларо, дир лъимал, - илан абуна гьес, нижеца гьабизехъин букIараб такъсирги бичIчIун. – Зобалазул хIинчI буго гъоб, зобалин абуни, малаикзабазул бакI буго. – Нужер эбелэмен гьечIищ? – ан гьикъана гьес, чIваркьун нижехъги валагьун.

- Эмен гьечIо, эбел йиго, - ян абуна кIудияв вацас.

- Гъозулги я кIиялго ратила, яги цо-цоял ратила. Ялъуни, эбелалъе нуж гIадал хирият, тIанчIи ратила. Бегьилищ нужеца, кидадай жидее квен босун рачIинаян, лъора кьурулъ бусада ругел тIанчIи, гьелги чIван, ракъуца хвезаризе, - ян абуна гьес иргадал нижер щивасде берги щвезабулаго.

Гьесие кьезе жаваб батичIого ниж руцIухIун чIана ва гIебеде ритIун чIахIиял куркьбалгун гIодор ккун ругел цIумазда, гьезул тIанчIазда ракI гурхIарал гIадин, нижецаго ургъун букIараб такъсиралъул пикруялда, дагьал гIодоре къулун хутIана.

- Бихьулищ, нужергоги ракI бухIана гьабулеб букIараб жоялдаса, - ян абуна гьес нижеде кIалал гьакIкIараб мехалда цIумазул кIалдиса рортарал гьанал кескалги рихьизарулаго. – Гъоб букIун батила тIанчIазе, ялъуни бусада хьихьизе ккараб эбелаб хераб цIумалъе кьезесеб напакъа, нужецайин абуни... Гьеб сурат цебечIезабураб мехалъ, дагьабги ракI гурхIизе бачIана нижер гьезда.

Уяб жо букIарабищали лъаларо, гьес бицана гIолохъанаб цIумалъ малъазги ккун, хоноялдагIанги тIад расги гьечIеб, хераб цIум чвердезабизе, лъим гьекъезе лъоб кьурулъа, гьаб лъарахъе баччун бачIунеб жиндаго чанго нухалда бихьанилан.

- ЦIумаз гьедин тIалаб гьабула жидерго эбел-инсул, нужеца эбелалъ малъарабгIаги гьабулеб батани, - ян гьев сихIирго нахъеги нижехъ валагьун чIана.

Дида гьеб мехалъ ракIалде ккана, цо-цо мехалда эбелалъ малъ-

араб жо гьабизе дица инкар гьабулеб букIинги, гьасда лъалеб батилилан. Магъилъе хIалтIизе эбел ун, гIачиязде рохьдохъаби ун риидал гIемериселъ цохIо дунго хутIулаан, гьеб нуцIа-къоноого гьечIеб, тIасан тIокъинчIеб, амма нисо-нахалъул цIурал чирмакъалал, ведраби ругеб рукъалъул тIалаб-агъаз гьабун. Бакъухъ балагьун заманго унарого рукIунел, цоцазда релълъарал къоялги чIалгIун, цоцо мехалда, дун эбелгун цадахъ, росулъе ине къачIадулаан. Гьеб мехалъ чаракъосарай эбелалъ гIемераб лъикIаб бицунаан, добги гъобги босилилан рагIиги кьолаан. Гьанже дир гьелда ракIгурхIулеб букIана. ТIокIалъ инкар гьабиларилан хIукму къотIана дица.



# Лъималазул асарал

*(УнсоколорайоналъулЦIатIанихъросдалшколалъулцIалдохъаби)*

## ЭБЕЛ



**Дир йигей лъикIай эбел,
Дие гьей цIакъ йокьула.
Эбел гIадай къиматай
ГIадан ракьалда гьечIо:**

**Нижеда гIайиб ккани,
ГIодой йиччан, малълъулей,
Нижедаса йохани,
Рохалий гIорхъи гьечIей.**

**Эбел, дуй кумекалъе
Дун кидаго хIадурай,
Дуе сахлъи гьарулей –
Дур гьитIинай Зарема.**

*Зарема МухIамадова*



## ДАХIАДАДАЛ ИЦЦ

Нижер бакълъул ракьанда
Цо гьитIинаб ицц буго,
ЦIорорабгин тIагIамаб,
ГIадамаз цIакъ беццулеб.

ГIияде унелъул дун
Гьеб иццухъан хьвадула,
ТIадвуссуда шиша цIун
ДахIададай босула.

Цинги дахIададаца
ЦIакъ дидаса вохиялъ
Киназего бицуна,
Дие конфетал кьола.

Гьай, баркаман, лъимилан,
Гьелъие рецц гьабула,
ТIабигIаталъул тIокIлъи
ТIагIамалда гьекъола.

Щибаб их тIаде щведал
Дун гьениве ваккула,
Хвараб бакI бугищали,
КIваркьун хал-шал гьабула.

Дие гьеб ицц бокьула
Цойгидал иццаздаса,
Дир дахIададал хIалтIи
Дица хвезе теларо.

*Шамиль МухIамадханов*



## ЦIАТIАНИХЪ РОСУ

МугIруз сверун ккураб ЦIатIанихъ росу,
Дур тIабигIаталъул берцинлъиго щиб!
Дун жанив вижараб, дун жанив гIолеб,
Бокьула, бокьула дие ЦIатIанихъ.

Щибав гьоболасе нуцIби рагьарал,
Щибав гьудуласе ракIал рагьарал,
РачIа нуж нижехъе росу бихьизе,
Росдал гIадамазул лъикIлъи бихьизе.

Бокьула, бокьула дие ЦIатIанихъ
РухI кьун цIунила мун щиб къо кканиги.
ТIаде къо бачIиндал къватIир рахъунел,
Ругодай гIадамал ЦIатIанихъ гIадал.

*ГьитIинмухIамад Жамалудинов*



# ГІАБИ ГІИСАЕВ

# Зугьратил анищ

Зугьратил анищ буго
Артисткалъун яхъине...
Нахъарокъойги йикIун,
КечI рикIкIуней ятула.

МатIуялда цее чIун,
КочIолъ бахчараб магIна
Кверaз бичIчIизабизе
ХIалбихьиял гьарула.

Гьоркьо-гьоркьой гьимула,
Цо-цо кьварун лъугьуна,
Хвалда цее партизан
Лебалай Зоя гIадин.

Цин гьаракь борхизабун,
Цинги гIодое йиччан,
ЦIалулеб кочIол асар
ГIемер мехалъ хутIула.

Цо нухалъ Зугьратица
Бергьенлъидул къоялде
Къункърабазде гьабураб
Расулил кечI цIалана.

Киналго хIайранлъана
Школалде унарей
Ясалъе Бичас кьураб
Бажари, гьунар бихьун.

Лъицадай гьадигIан лъикI
Зугьрада кечI малълъараб?
Квер борхун, яц ГIапица
Дицайилан абуна.

Вай, меседил гаралин
Горбода къвалги жемун,
Къочардана ясазда
Йохарай ГIашахъатун.

«Микьабилеб марталде, -
Абуна Зугьратица, -
Жинца ахIизе бугин
Эбелалде хъвараб кечI».






Жакъаги дарсие «щуйилаб» щванин
Инсуда бицана вохун ГӀалица.
Инсуца абуна баркала, васин,
Босизе бугинха дуй велосипед.

Лъицаяли ахӀун гӀедегӀун гӀадин,
ГӀали къватӀиве ун, сагӀат иналде
Эбел балагьана дневникалде,
Гьереси бицунеб гьечӀодайилан.

Математикалъе щуйил бугоан,
Ва амма аскӀобго авар мацӀалъе
Оцол бетӀергӀанаб кӀиййилаб бихьун,
КӀилъилай хутӀана хаган, ялагьун.

Рокъове щваравго инсуца гьасда
Гьикъана, щай дуца авар мацӀалъе
Гьебго къоялъ щвараб кӀиййилаб къимат
Нижеда бицинчӀеб, балъго гьабураб?

Васас жаваб кьуна гьеб бицанани
Велосипед дие босулареб лъан,
Ккана гӀайиб, дада, кин букӀаниги,
Гьабнухалда тӀасалъугьун тани щиб.

Инсуца абуна гьанже гьеб суал
Лъабго моцӀалъ нахъе бахъулеб бугин.
ГӀилла: цо бугони, кӀиййилаб боси,
КӀиабилеб гӀилла – гьереси бицин.

Инсуца абуна бер бахъаниги,
Гьереси бицунге, битӀараб бице.
БитӀараб бицарав берцин вихьула,
Гьереси бицарав сурун ватула.



# Сарат МухIумаевалъул дарсидаса

*Гъизилюрталъул 7 школалъул мугIалим*

## ВАРАНИ

**Бакъбаккул улкабазда дун гъечIого гIоларо**
**КIиго гьодалда гьоркьоб гьирги дица баччула,**
**ХIеренаб квасги кьола,тIагIамаб рахьги кьола,**
**ТIад рекIун гIадамалги къваригIелалъ раччула,**
**Амма данде кколареб жо дие гьабунани,**
**Гьабуразул гьурмаде хъат цIураб хIацIу чIвала**





## ЦIЦIЕ

**ГъутIбузул гIаркьалаби цIацIазе дий бокьула**
**Дир хIеренаб квасалъул кун дургъун, ххам хьухьуна,**
**Даруяб квасги, рахьги, хIанги дицаги кьола**
**ТIатIини дир цIакъго цIакъ даруяблъун рикIкIуна**

## ГIАКА

**Рахьги,хIанги,нахги кваназе гьабун,**
**Дун хьихьараб хъизан хьихьула дица**
**Нисул цIурачадал квине рокьани,**
**КIвахI тун дир моцIаби цIацIазе ккола**





## ХIАМА

Дун –пакъир кидаго хIалтIизабула,
ХIалхьи гьечIого дир гIумруги уна,
ГIумруялъ баччаралъ гьодги хIулула...
Дида гурхIарасда АЛЛАГЬ гурхIаги.

## ЧУ

Бекеризе цIакъаб,лага чергесаб
Гьанже машинабаз хисун буго дун,
Цебени тIолалго мугIрул гIолилал
Дида тIадги рекIун чабхъад унаан.





## ЛАМАДУР

Ракьалда тIаде гьурщун гIурччинаб керчаб расгун
Ракьулъ жаний яхчарай тIогьилкьерай меседу,
ГIанкIие цIакъ хирияб,лъималазе пайдаяб,
Халатккараб, тIагIамаб витаминазул магIдан.



# « РагӀаби гӀуцӀе! »

(Предметияб цӀар)

РЕ ЛЪИ

РУ ЗАЛ

РИ КЪ ЗИ

РЕ ЕЛ

БА ЛЪИ








(Прилагательное)

БУ РАБ

БА РАБ

РО ЦӀА РАБ

ГӀОР РАБ

БА РАБ

БУ РАБ

РЕ РАБ

ГЪАН КЪА РАБ

ТIЕ РАБ

ГЬУ РАБ










АХ

КЬУРДИ РЕЧIЧИИ

ХУР КЕЧI

БОЦIИ ГЬАРИ

НАЙ ХЪАН МАЦI

РАГЪ ЦIАЛИ

МАГIУ КЪАЛИ

ЧIАР ПАЛ

ЧУ



Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

2/2017

март - апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г. выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М. Муталибов
Оформление обложки Д. Акиева

Выход в свет 23.05.2017 г.
Тираж 1213 экз.
Заказ № 48

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.